

Nimewo Sekirite Sosyal Pou Moun Ki Pa Sitwayen Ameriken



Kouman mwen ka aplike pou yon Nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal?

Anjeneral, se sèlman moun ki pa sitwayen ameriken men ki gen pèmasyon Department of Homeland Security (DHS) pou travay ki ka aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal. Pou aplike pou yon Nimewo Sekirite Sosyal:

- Ranpli yon Fòm *Aplikasyon Pou yon Kat Sekirite Sosyal* (Fòm SS-5-HC); epi
- montre nou dokiman orijinal ki pwouve:
 - Kondisyon imigrasyon ou;
 - Elijiblite pou travay ou;
 - Laj ou; ak
 - Idantite ou.
- Voye fòm aplikasyon ou ranpli a pa lapòs ansanm ak dokiman orijinal yo nan biwo Sekirite Sosyal ki tou pre ou.

Sitiyasyon Imigrasyon

Pou pwouve kondisyon oswa sitiyasyon imigrasyon ou, ou dwe montre nou dokiman imigrasyon ki pa ekspire ou genyen nan moman an, tankou I-94, *Arrival/Departure Record (Dosye Antre/Sòti)*, DHS te founi ou lè ou te antre Ozetazini. Si ou se yon etidyan ak statu F-1 oswa M-1, nou bezwen wè tou fòm I-20 ou, *Certificate of Eligibility for Nonimmigrant Student Status (Sètifika Elijiblite pou Sitiyasyon Etidyan Non Imigran)*. Si ou se yon vizitè pou yon pwogram echanj J-1 oswa J-2, ou dwe montre nou (Fòm DS-2019 ou, *Certificate of Eligibility for Exchange Visitor Status (Sètifika Elijiblite pou Sitiyasyon Vizitè Echanj)*).

Elijiblite travay

Pou pifò travayè etranje yo, nou bezwen wè sèlman I-94 ou, *Arrival/Departure Record (Dosye Antre/Sòti)* Kèk travayè etranje dwe montre pèmi travay DHS yo tou (I-766 oswa I-688B). Etidyan entènasyon yo dwe prezante lòt dokiman. Pou plis enfòmasyon, li *Etidyan Entènasyon Ak Nimewo Sekirite Sosyal* (Piblikasyon No. 05-10181-HC).

Laj

Ou dwe prezante batistè ou si ou genyen li oswa si ou ka jwenn li san pwoblèm. Si non, nou ka konsidere lòt dokiman, tankou paspò ou oswa yon dokiman DHS founi pou pwouve laj ou.

Idantite

Nou ka aksepte sèlman sèten dokiman kòm prèv idantite. Yon dokiman akseptab dwe regilye (pa ekspire) epi li dwe montre non ou, enfòmasyon sou idantite ou epi nou pito yon dokiman ki genyen yon foto ki resan. Biwo Sekirite Sosyal ap mande pou yo wè dokiman imigrasyon Etazini ou genyen. Pami dokiman imigrasyon ki akseptab yo, genyen:

- Fòm I-551 ou (avèk tou viza imigran ki nan paspò etranje ou ki poko ekspire ki ka verifye nan aparèy ki fèt pou sa);
- Fòm I-94 ansanm avèk paspò etranje ou ki poko ekspire; oswa
- Kat pèmi travay ou jwenn nan Department of Homeland Security (I-766 oswa I-688B).

Tout dokiman yo dwe swa orijinal oswa kopi ki sètifye nan biwo ki founi dokiman yo. Nou pa ka aksepte fotokopi oswa kopi dokiman ki notarye. Nou pa ka aksepte non plis tou yon resi ki montre ou te aplike pou dokiman an. Nou ka itilize yon dokiman pou de (2) rezon. Pa egzanp, nou ka itilize pèmi travay DHS ou kòm prèv elijiblite ak idantite ou. **Men tou, ou dwe prezante omwen de (2) dokiman diferan.**

Nap voye nimewo ak kat ou a pa lapòs imedyatman nou verifye dokiman ou yo nan DHS. Pandan ou ap tann nimewo Sekirite Sosyal ou, patwon an ka itilize yon lèt nou ki endike ou aplike pou yon nimewo. Travay ou ka itilize dokiman DHS ou kòm prèv otorizasyon ou pou ou travay Ozetazini. Travay ou ka jwenn plis enfòmasyon sou sit entènèt nan www.socialsecurity.gov/employer/hiring.htm.

Kisa mwen ka fè si mwen bezwen yon nimewo pou afè taks?

Si ou bezwen yon nimewo pou afè taks epi ou pa otorize pou travay Ozetazini, ou ka aplike pou yon nimewo Idantifikasyon apa nan Internal Revenue Service (IRS). Vizite IRS an pèsòn oswa rele IRS gratis nan nimewo, **1-800-TAXFORM (1-800-829-3676)**, epi mande Fòm W-7, *Application For An Individual Taxpayer Identification Number (Aplikasyon Pou Yon Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab Endepandan)*.

Èske mwen bezwen yon nimewo pou lòt sèvis gouvènman?

Moun ki pa sitwayen ameriken men ki legal nan payi a ka jwenn anpil benefis ak sèvis san yo pa gen yon nimewo Sekirite Sosyal. Ou pa bezwen yon nimewo pou fè biznis avèk yon bank, pou enskri pou lekòl oswa pou aplike pou tès edikasyon, pou jwenn asirans medikal prive, pou aplike pou pwogram lanch nan lekòl oswa pou aplike pou kay ke leta ede ou oubyen paye pou ou. Ou pap ka genyen yon nimewo Sekirite Sosyal sèlman pou ou jwenn yon pèmi kondui (lisans).

Si ou pa gen otorizasyon pou travay, ou ka aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal sèlman si:

- Yon lwa federal egzije ou pou ou bay nimewo Sekirite Sosyal ou pou jwenn yon benefis patikilye oswa yon sèvis espesyal; oswa
- Yon lwa leta oswa yon lwa lokal egzije pou ou montre nimewo Sekirite Sosyal ou pou ou ka resevwa benefis asistans jeneral ou te deja ranpli kondisyon pou ou jwenn.

Si ou bezwen yon nimewo pou satisfè kondisyon eta kote ou ye a oswa kondisyon lokal, ou dwe pote yon lèt biwo gouvènman an ban nou. Lèt la dwe nan papye ki gen antèt (nou pa vle lèt nan papye kip a gen antèt oswa fotokopi) epi :

- Lèt la dwe idantifye ou nan yon fason espesifik kòm moun ki aplike a;
- Li dwe site lwa ki mande ou pou ou gen yon nimewo Sekirite Sosyal;
- Li dwe endike ou satisfè tout kondisyon biwo a, sof nimewo a ou pa genyen; epi
- Li dwe gen non ak nimewo telefòn pou kontakte biwo a.

Si yo ba ou yon nimewo pou ou ka travay, ou pa ka itilize li pou travay. Si ou itilize li pou travay, nap mete DHS okouran.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan www.socialsecurity.gov oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl prezan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.



Social Security Administration

SSA Publication No. 05-10096-HC

Social Security Numbers For Noncitizens (Haitian-Creole)

December 2005